



Pou Piblikasyon Imedya: 23/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO BÈS POU OSPITALIZASYON COVID-19,
PASYAN ICU AK ENTIBASYON YO**

Ospitalizasyon yo bese nan 472—Nouvo bès depi 16 mas

Pasyan ICU yo bese a 110—Nouvo bès depi 15 mas

Entibasyon yo bese nan 50—Nouvo bès depi mitan mwa mas

16yèm jou dafile avèk to potizivite anba 1 pousan; 0.77 pousan nan tèss COVID-19 yè yo te pozitif

5 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè; yo pa rapòte okenn ka lanmò nan Vil New York

SLA a ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a obsève vyolasyon nan Egzijans Eta a nan 13 etablisman

Konfime 572 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 429,737; gen nouvo ka nan 39 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvo bès rekò pou ospitalizasyon COVID-19 yo, pasyan ki nan Inite Swen Entansif (Intensive Care Unit, ICU) ak entibasyon yo. Ospitalizasyon yo te bese nan 472, chif ki pi ba depi 16 mas, epi chif ki nan ICU yo te bese nan 110, se chif ki pi ba a depi 15 mas. Entibasyon yo te bese nan 50, chif ki pi ba a de mwatye mwa mas. To tèss pozitif Eta New York yo te mwens pase 1 pousan pandan 16 jou dafile. Yo pa te rapòte okenn ka lanmò akòz COVID-19 nan Vil New York yè. Gouvènè a te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Chif nouvo ka yo, pousantaj tèss ki te pozitif ak anpil lòt pwèn enfòmasyon itil yo toujou disponib sou paj [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Nouyòkè yo ta dwe fyè dèske travay di ak disiplin yo a te mennen nou nan yon lòt jou nan bès rekò chif yo. Ospitalizasyon nou yo, entibasyon ak moun ki nan ICU yo te twouve yo pi ba ke yo janm ye depi mwatye mas -- sa se yon reyalizasyon reyèl", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen pa twonpe nou: viris sa a toujou ap monte nan plizyè pati nan peyi a epi jiskaskè genyen yon vaksen nou pa kapab vini ensensib oswa konplezan sou risk nou ap fè fas la. Gouvènman lokal yo dwe kontinye ranfòse direktiv

sante piblik la epi nou tout dwe sonje pou nou rete entèlijan - swiv direktiv la, pote mask, kenbe distans sosyal epi rete New York Solid (New York Tough)!"

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) te visite 1 446 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 13 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Brooklyn** - 10
- **Queens** - 3

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 472 (-11)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 77
- **Lopital Konte yo** - 29
- **Kantite ICU** - 110 (-6)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 50 (-6)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 74,640 (+87)
- **Kantite Lanmò** - 5
- **Kantite Lanmò Total** - 25,288

Sou 74,043 tès pozitif yo te rapòte nan Eta New York yè yo, 572, oswa 0.77 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	JEDI	VANDREDI	SAMDI
Capital Region	0.7%	0.5%	0.5%
Central New York	0.8%	0.5%	0.2%
Finger Lakes	0.3%	0.6%	0.5%
Long Island	0.7%	0.7%	0.8%
Mid-Hudson	0.9%	0.7%	0.8%
Mohawk Valley	0.8%	0.4%	0.2%
New York City	0.7%	0.7%	0.8%
North Country	0.2%	0.8%	0.3%
Southern Tier	0.5%	0.5%	0.6%
Western New York	1.6%	1.4%	1.8%

Gouvènè a te konfime tou 572 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 429,737 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 429,737 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo repati konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,699	6
Allegany	85	1

Broome	1,239	12
Cattaraugus	180	2
Cayuga	167	1
Chautauqua	289	2
Chemung	194	0
Chenango	223	0
Clinton	141	0
Columbia	562	1
Cortland	98	0
Delaware	109	0
Dutchess	4,767	14
Erie	9,465	52
Essex	100	2
Franklin	56	0
Fulton	309	1
Genesee	290	0
Greene	305	0
Hamilton	12	0
Herkimer	289	0
Jefferson	145	1
Lewis	47	0
Livingston	180	1
Madison	432	0
Monroe	5,317	20
Montgomery	194	1
Nassau	44,245	40
Niagara	1,575	9
NYC	232,120	279
Oneida	2,244	2
Onondaga	3,758	2
Ontario	381	3
Orange	11,334	6
Orleans	304	0
Oswego	282	1
Otsego	124	0
Putnam	1,473	0
Rensselaer	817	4
Rockland	14,129	11
Saratoga	815	2
Schenectady	1,179	7
Schoharie	69	0

Schuyler	24	0
Seneca	95	0
St. Lawrence	267	2
Steuben	310	1
Suffolk	44,498	42
Sullivan	1,495	0
Tioga	206	2
Tompkins	244	0
Ulster	2,127	1
Warren	315	0
Washington	266	0
Wayne	275	0
Westchester	36,689	38
Wyoming	123	2
Yates	60	1

Yè, te gen 5 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,288. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Broome	1
Erie	1
Montgomery	1
Oneida	1
Ulster	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)